ITALIE

MINISTERO DELL'INTERNO

euaa EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# SAY ÀQ AK SAY YELLEEF CI ÑU DALAL LA



Xibaar bii soxal na la bu fekkee ni:

- Ab mag nga (ku am lu ëpp 18 ci ay at)
- Bindu woon nga ngir am kaarange bitim réew (ñu gën ko xamee ci làqquwaay) ci ITALIE te yaa ngi bindu waat leegi ngir am kaarange bitim réew.

WOLOF

# YI TEERE BI LÀQQ


| | |
|---|---|
| lan mooy dalal? | 3 |
| Lan ngay jot? | 6 |
| Sañ-sañ ci wergi yaram | 7 |
| Sañ-sañ ci jàng ñeel xale yi | 10 |
| Sañ-sañu ligeey | 11 |
| Jàng ay làkk ak tàggat ci ligeey | 12 |
| Kayit bi dafay wane ni aji bindu nga ngir am kaarange bitim réew | 13 |
| Fan ngay dali? | 13 |
| Anam yi mëna teeyee aji bindu | - |
| Yan ñooy say wareefu dalal? | - |
| Lan mooy xew boo sàmmoowul ak say wareef? | - |
| Lan mooy xew boo tukkee ci beneen réew mu bokk ci réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ludul ndigalu kilifa yi? | - |
| Lan mooy xew buñu la delloo wee ci Réew mu bokk ci réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu bokk ak ñoom ay doxalin bi nga joge ci ludul ndigal? | - |
| Mën nga fësal sa ñàkka nàngu ci ab dogal bu tukkee ci kilifa gi | - |
| Mën nga jot ndimbal ci wàllu yoon | - |
| Say xibaari jokkoow | - |

## LAN MOOY DALAL?

Dalala mooy ndimbal yi ngay am boo bindoo ci diir bi ngay xaarandi kilifa nguur gi saytu sa bindu ngir kaarange bitim réew. Bokk na ca àq yi ak yelleef yi ci wàllu dalal ak wareef yi ñu la leeralal ci biir téere bii.


Ci Italia kilifa bi yore mbiri dalal bi mooy Ministero dell'Interno, Dipartimento per le libertà civilee l'immigrazione – Prefettura Ufficio Territoriale del Gouverno. Kilifa bi wara saytu sa bindu ngir am làqquwaay mooy Commission Territorial mo biy nangul nitki karange bitim reew.

Ligéeykat yiy jappale kilife yi dinanu la laj nga firndel bapare xaatim ni jot nga xibaar yi nekk ci téere bii. Su amee lu leerul men nga laaj ligeéykat ya fa neek.



**Yaa ngi ci kaarange ci biir réew mii.**

Diir bi ngay  nek ca fan la dalale, ligeeykati ya nekk ci ettu dalalukay ba si dinañu la xamal ci mbiri yi ci dalal ak ndimbal buñu sukkandikoo ci sa tolluwaay.



Mën nga sàkku tamit ci yeneen kureel ay xibaar ak ay ndimbal ci lu amul fay. Mën nga gis fi ñu bind kureel yi ci mujjàntalu téere bii.



**Ab firikatu làkk** dina la dimbali ba ngay mene wax ak ligéeykat yi nekk ca berebu dalalukay ba ci laak boo dégg . Firikatu làkk bi du messe nettali kenn li nga wax. Loolu men nañ lakoo defal ca jelbeen Meun la dinali sakh souniou nekkoul sa wet. Xibaar yi man nañu jokalante ak yeneenn kilife yu am baat ci fann woowu.  yu am

**Mën nga am ay xibaar ci doxalinu mbiri làqquwaay ak tërëlin yi ñu wara topp ci yeneen teere.**

**Yaa ngi léegi ci Italia mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

- 27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d'Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

- Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## Ñu bàyyi ci xel!

WWey bindu yi ñoo niroo ay xeetu àq ak yelleef aki wareef ci bepp réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

Am na ay tërëlin ci mbiri bindu mi ngir làqquwaay ak ci mbiri tukki ci yeneen réew yu réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.


- **Yaa ngi wara sàkkuwee làqquwaay ak bindu wee ci benn réew mu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mi nga njëkka dal,** ludul kilifa yi dañu sàkku ci yaw leneen.

- **Benn ci réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin rek ñoo wara saytu sa mbindu ngir làqquwaay.** Kilifa yi ci Italia dinañu topp tërëlin yi ngir jël dogal ban ci réew yu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara saytu sa bindu ngir làqquwaay.

- **Da nga wara dalandi ci Italia. Mënuloo tukki ci beneen réew mu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ludul ndigalu kilifa yi.** Boo demee, dina waral ay jeexital yu baaxul. Say toppatoo ngir am làqquwaay ci Italia mën nañu ko dàkkal. Sa sañ-sañ ci dem ak dikk ci beneen réew mën nañu ko tënk te yenn ndimbal yi dina ñu ko taxawal.

## LAN NGAY JOT?

Ci dinguente bi kilifa yi saytu sa bindu mi ngir am kaarange bitim réew, te buñu sukkandikoo ci sa tolluwaayu bopp ak sa tolluwaay ci wàllu xaalis, di nga jot:



- dëkkuwaay



- ay jumtukaay ci wàllu setu yaram



- dund



- ay yére



- xaalis ngir faj say soxla

Kilifa yi nekk ci Prefettura bi men nañu la jebbal ay laaj ngir gëna xam sa tolluwaayu bopp ak sa tolluwaay ci wàllu xaalis.

## SAÑ-SAÑ CI ÑU TOPPATOO SA WERGI YARAM

Kilifa yi dinañu werlu ni jot nga **toppatoo wergi yaram bi war.** Mën na ca bokk ci misaal, seeti ab fajkat wala ab doktoor, saytu ay feebar yu metti ak tawat yu të yi, garab yu ab doktoor bind ak ay taxawu ci wergi-yaramu xel.



**Boo amee jafe-jafe ci wàllu paj, wax ko ligeeykat yi.**

Boo amee soxla bu jamp ci wàllum facc wala gué am ay gaañu-gaañu bu soxla facc mu jamp, wax ko ligeeykat yi nekkeu ci Centre bi wala nga woote te do fay dara ci nimero woote yu jamp yi 112.



Mën an am nga am docteur bo xaman te wa Service Sanitaire Nationale noo lakoy te do fay daara. Mën nañ la deff lo visit ak docteur walla infermie ca bërab banga dall walla ci Service Sanitaire Nationale.

Mën na am ñu saytu sa wer ngu yaram ta japale. Mën nañu la laaj ci mbiri feebar yoo ame wala yoo amoon ci diir bu jiitu, ci sa ay ci ay garab yooy jël ñakka am, sa kayiti ñakku yi waasu ak bepp garab boo nekk di jël. Mën na am ñu laaj la ci bepp gaañu-gaañu, metit, jàngoro wala yoqqat boo mëna am.

## Amnga sañ-sañu jot ndimbalu jagle boo amee ay soxla yoo jagoo.





**Xamalal ligeeyket yi bu fekkee ni:**

- danga tawat wala nga ame ay gaañ-gaañu
- danga ëmb wala dangaa mel ni ku ëmb
- danga am mbokk mu soxla ay ndimbal yu ñu rààññee
- danga ame laago (ci misaal, mënoo dox bu baax, ñàkka degg, gis-gis bu leerul)
- dangay nàqqari dereet lu bari, yoqqat wala am njàqqare, doo mëna nelaw wala dangay am ay xalaat yu bon
- dangay yëg ba leegi lorange fitnaal bu weesu wala toroxal
- danga jàpp ni nekku loo ci kaarange, dañu la tiital, wala danga am kooy ragal, moo xam ab doxandeem la wala nit koo xam
- dañu la defloo woon loo bëggul def wala ñu ngi la koy def loo
- da ngaa yëg ni nekkuloo ci kaarange ndax sa wàllu gëm-gëm, ndax ki ngay bëgganteel, wala ndax ni ngay solo wala ni ngay defee
- amaguloo 18 ci ay at ba noppi nga ñëw àanduloo ak say waa-jur, moo xam yaw rekk la wala danga ànd ak yeneeni mbokk.

Men nga jot ndimbal bun la  jagleel sou fekké ligeeykat yi nekk ci berebu dalalukay ba xam nañu soxla yi nga jangoon teel.





Ay assistants social ak ay psychologues ya nekk ca berebu dalalukay ba dlnanu la samp ay yu jem ci:

- xayma say **soxlaay**
- ràññee **ban ndimbalu lan la wara jagleel**

Loolu lañuy woowee **xayma lila soxal.**

.

Ab firikatu làkk dina la dimbali ci nga waxee ci làkk bi nga degg, bu ko laajee.

Meun la  boolé ko ak nio xamante né jafe jafe yi nga jankontel rek lañuy ligeey



**Saa su nekk jokkoowal ak ligeeykat yi** nekk ca berebu dalaluway ba boo soxlawee ay ndimbalu jagle.

Di nga wey di jot ndimbal li fiilek kilifa yi ñi ngi jàpp ni soxla nga ko.

Mën nga wóolu doktoor bi, fajkatu bi ak ligeeykat yiñ la jagleel (assistenti sociali, psicologi) te wax ak ñoom ci xel mu dal. Xibaar yepp dinañu leen denc ci sutura, maanaam duñu leen jox kenn ci ludul sa ndigal.

Fenn fuñu koy defee rek mooy bu fekkee ni sa bakkan wala bosu keneen daf ci aju.

## SAÑ-SAÑU JÀNG ÑEEL XALE YI

Xale yepp, góor ak jigeen, yu amagul 18 ci ay at am nañu sañ-sañ ci jàng.

Dina ñu jot ay ndimbal yu mel ni jàngum làkk ak ak taggat la banga mana jangi.




Ci Italie, bepp xale bu am diggante ay 6  ak 16 ci ay at dafa wara dem école.

**Waa-jur yi amna ñu wareefu yobb seeniy doom école.**

## SAÑ-SAÑU LIGEEY

Buñu sukkandikoo ci sa tolluwaay, di nga mëna am sañ-sañu ligeey ginaaw 90 fan bi nga bindo ba pare ngir am kaarange bitim-réew.

Ligéeykati ya nekk ca bereb ba nga dall dinañu la xamal tërëlin yiy dox ci Italia.



Amna ay settee, ci misaal duñu la may nga ligeey bu fekkee ni yombalaloo kilifa yi ligeey bi yaw dootuñu la may nga ligeey.

Bu fekkee da ngay ligeey te yaa ngi dal ci ab berabu dalal wala yaa ngi jot xaalis biñu lay jox ngir nga dal ci dëkkuwaay bu ajuwul ci nguur gi, mën na am nga wara fay xaaju dëkkuwaay bi.



Bepp xale bu góor ak bu jigeen bu amagul 16 ci ay att mayu ñu leen ñu ligeey.

## JÀNG AY LÀKK AK TÀGGAT CI LIGEEY

Buñu sukkandikoo ci sa tolluwaay, kilifa yi mën na am ñu laaj la nga teewe ci:

- jàngalem ay làkk,
- Jàngale mu jem ci dundunu askan wi nga nekkal  (yoon, tërëlin yi ak thiosaan).

Man tamit nu boolela ci:

- ay jotaayu jàng ngir nga am xam-xam yu bees (tàggat ci ligeey).



Ligeeykat yi dinañu la xamal ci mbiri njang yi ak kañ nga leen di tàmbali.

## KAYIT BI DAFAY WANE NI AJI BINDU NGA NGIR AM KAARANGE BITIM RÉEW



Dinga jot ab kayit bu wer, buy wanene yaw bindu nga ngir sakku karange bitim reew. Ci kayit gogu dinañ ci xaatim sa turr ak lulay jemel loolu dafay firndeel ni ab aji bindu nga ngir am kaarange bitim réew. Teere bii dina wone sa tur ak say kayitu bopp. Keyit gogu war nga koy yore saa su nekk.

Loolu du kayitu tukki.

Kayit dinañu ci bind ban bess lañ lako jox ak kan lay jeex.Men nañu koo yokk filek finga wara jaar yepp  jaarn nga fa ngir sakku ci karange bitim reew.

Kayit gi may nalla nga dem bindu ca kureel giy saytu wergu yaram, tamit nga mana ligeey, ci kaw nga samook tërëlin wi jem ci wallu ligeey; loolu du mana nekk suñu japeene  sa sakku ngir am karange bitim reew teguloko fenn fu leer.

**Ñu bàyyi ci xel!** Maytu ko reeral te bul ko jox keneen.

## FAN NGAY DAL?

Kilifa yi nekk ci Prefettura bi dinañu la wax fan ngay dal te dinañu la leeralal sàrt yi.

Berab bi ngay dal ci diir bi ñuy saytu sa bindu ngir am kaarange bitim réew mi ngi aju ci sabab yu bari. Mennaa nekk lal ci bereb ba nga dal boo xamne dekel na naneene noo xamne yena bok toluway wala ci ker bu gene tuuti.

**Moo xam foo mëna dal, am nga sañ-sañu:**



- **Nekkal ci kaarange:** amul kenn, ba ci ñu bokk ci ligeeykat yi, ñu am sañ-sañ ci dila tiital, dila saaga wala dila gaañ



- **dalal ak sa jëkkar, sa jabar, say doom ak say mbokk yu amagul 18 ci ay at wala ab mag bu nekk sa mbokk bu soxla taxawu bes bu nekk.**
- **dalal ak say mbokk,** bu fekkee ni mag nga bu soxla taxawu bes bu nekk



- wutal ndimbal **ngir wax ak** sa wa-kër te nga **jeem leen gis, boo xamul fuñu nekk.**

**Mën nga bind ñaxtu bu jaar yoon boo gëmee ni:**



- kenn ci ligeeykat yi dila tiital, dila saaga wala dila gaañ.

Kilifa yi nekk ci Prefettura bi dinañu la yëgal naka lañuy defee ñaxtu bu jaar yoon.

Mën nga laaj saa bula neexee kilifa yi, mbootaay yu ajuwul ci genn nguur wala Bànqaas buy saytu mbiri dawlàqqu te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) ngir am xibaar yu gëna yaatu.

**Kilifa yi yor dalluwaay**, il Dipartimento Libertà civili e Immigrazione del Ministero dell'Interno e la Prefettura **ñooy jël dogal ci ban dëkkuwaay ngay dali.**

**Bu ñu sukkandikoo sa tolluwaay, mën nga dem ak dikk ni mu la neexee ci biir Italia**.



Berab yi ngay dall mi ngi aju ci lu mel ni berab yu jàppandi yi, sa tolluwaay ak say soxla (ci misaal, ñi bokk ci sa waa-kër, sa wergi-yaram).

Di nga jot ay ndimbal ak ay jàppale fiileek yaa ngi nekk rek ci dëkkuwaay bi ñu la jox. kilifa yi dina ñu gëstu ndax yaa ngi dal ci dëkkuwaay bii.

Bu la neexee mën nga dal ci ab dëkkuwaay bu aju wul ci nguur gi boo amee koppar yu doy wala bu fekkee, kilife yi jeluñu dogal ci sa daluway Dipartemento delle Libertà civili et Immigrazione del Ministero dell'interno, jëlu ñu dogal ni danga wara dal ci ab dëkkuwaay buñu ràññee. Bu loolu amee, mën na am ñu may la nga dal ak sa waa-kër wala say xarit.

Sax so diele sa dekkuwaay bopp war nga nekk ci ndingallu kilife yi ci lu jem ca wallu  sakku karange bi ngay sakku sa yelleef nu taxawulla ci wallu wergu yaram ak nga mana ligeey ci lu tegu ci yoon. Am nga san saniu lathieu ay faj, liggey, leep  ci tërëlinu dekk bi. Am nga tamit sañ sañu jang ay lakk, ak taggat ci ligeey bi, men nga laac tamit Prefettura bi nekk ca gox ba nga dek ngir xam sa sakku karange bitim reew fumu tollu.



**Buñu sukkandikoo ci sa tolluwaay, kilife** gii yor dalluway yi, manaam Dipartimento Libertà civili e Immigrazione del Ministero dell'Interno e la Prefettura **mën na am ñu jël dogal xamal la ne danga wara took ci bereb sangam (ci misaal ci ab berabu dalal buñu ràññee).**



**Dina ñu la may nga mëna jogee ci berab boobu ci kaw ay sàrt yu lay tënk. Sa teeway ci berab boobu dinañu faral diko saytu.**

Prefettura bi mën na am ñu jël dogal bi ngir sabab yu bari. Ci misaal:

- ragal nañu ni mën na am nga daw
- beneen réew mën na am mu nekk réew bi wara gëstu sa bindu ngir am làqquwaay te kilifa yi xalaat nañu ni mën na am nga daw
- joge nga ci réew mi ci ludul ndigal, ñu delloo la ginaaw dañu ragal ni mën na am nga dawaat.

***Prefettura bi*** **dinala wax dogal bi ci am mbind ci làkk bi nga degg. Dinañu la xibaar ci say àqq, wareef ak jeexital yi boo sàmmoo wul ak dogal bi.**

| |
|---|
| Mën nga bañ dogal bi ci kanamu yoon. |

| |
|---|
| Mën nga laaj Prefettura ndax mën nga dal feneen ci diir bu gatt. Kilifa yi mën na am ñu nàngu sa sàkkuteef am déet. Buñu nàngu wul sa sàkkuteef, mën nga bañ dogal bi ci kanamu yoon. |

**Ñu bàyyi ci xel!** Boo sàmmoo wul ak dogal bi ñu jël ngir nga dal ci ab berab buñu ràññee ak tënk yi ñu teg, te ñuy ragal ni mën na am nga dawaat, mën na am ñu téeyé la.

## ANAM YI MËNA WARAL ÑU TEEYEE AJI BINDU

Téeye mooy tekki ni ñu teg la ci ab berab boo mënula genn nimula neexee. Kilifa yi warnañu am lu leer ngir mën laa téeye. War na leen wóor ni amul leneen luñu mëna def ci say mbir. Kilifa yi nekk ci Police bi dinañu jàngat sa tolluwaay balaa muy jël dogal.



Sababu téeye yi mën na nekk, ci misaal:

- yu am solo ci sa mbiri mbindu mi (ci misaal sa xibaari ràññeekaay) mënu ñu ko saytu te fekk téeye wuñu la.
- sàmmonté wuloo ak wareefi dal yi ci ab berab, te mën na am nga daw te kilifa yi duñu la mëna jotaat
- danga jot ab dogal ci ñu yobb la ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bu wara saytu sa bindu mi te fekk ñuy ragal nga daw balaa ñu lay yobbu
- kuñuy ragal nga ci wàllu kaarange.

Buñu la teeyee, am nga sañ-sañ ci ñàkka nàngu dogal bi ci wàllu yoon. Mën nga sàkku taxawu ak teewal ci wàllu yoon ci lu amul fay.

## YAN ÑOOY SAY WAREEFU DALAL?





**Yenn ci wareef yi nga wara sàmmuwanteel ñoo nekk ci suuf.**

- ✓ Toppal Yooni réew mi.
- ✓ Dalal ci Italia te bul dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi wala ci réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ci ludul ndigali kilafa yi.
- ✗ Bul joge ci lu dul ndigal ci berab bi wala ci berab buñu ràññee bi la kilifa yi wax fa nga wara dal.
- ✓ Na nga yombalal bu baax kilifa yi ci ligeey bi ñuy def jemeleko ci sakku karange bitim reew ta nga topp seeniy ndigal.
- ✓ Sàmmoo wal ak tërëlini berab bi nga dal.
- ✓ Joxal cër yeneen dëkkandoo yi, ligeeykat yi ak yeneen nit yi.
- ✓ Yëgalal kilifa yi ci Prefettura bi lu aju ci sa mbiri koppar yi nga am.
- ✓ Yëgalal kilifa yi bokku ci sa sakku karange bitim reew (Questura, Prefettura, ak Commissiòn Territoriale) lu aju ci sa tegtalu dëkkuwaay bi nga nekk ak ci sa xibaari jokoo (telefoŋ, nimero, bataaxal enternet) ak soppiku yu am yepp bu ko defee ñu mën laa woo saa su nekk.
- ✓ Bokkal ci njang mu war mi di yombal sa nekin ta Prefettura digleko .

## LAN MOOY XEW BOO SÀMMOOWUL AK SAY WAREEF?

Prefettura bi saytu sa tolluwaay te mën na am ñu jël dogal ci wàññi wala dàkkal yenn xeetu ndimbal yi. Kilifa yi dinañu la yëgalal dogal bini mel ci am mbind te dinañu la leeralal ban xeetu ndimbal la ñuy wàññi wala dàkkal.



### Ñu bàyyi ci xel!

**Mën na jot ndimbal yu gëna néew,** ci misaal, bu fekkee:


- Da ngaa joge ci lu dul ndigal ci berab ci berab buñu ràññee bi la kilifa yi waxoon nga wara dal
- yombaluloo kilifa yi ligéey bi
- da nga fenn ci sa mbiri ay koppar

- Boo sàmmoo wul ak tërëlini berab bi nga dal
- bokkuloo ci njang mi war
- da ngaa bindu ba noppi ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Europe
- Wala nga defaat beneen bindu te fekk ma nga ndiekoona def  yallul ba ca saytu bu muj.

**Mën nga ñàkk ndimbal li ngay jot** bu fekkee ni da ngay def fitna, dangay fitnaal ñeneen wala doo sàmmoo ak sàrti berab ba nga dal ci ay yoon yu bari wala ci anam yu tar. Suko defee, mën na am ñu woo alkaati yi ñu dugg si.



## LAN MOOY XEW BOO TUKKEE CI BENEEN RÉEW MU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB WALA CI RÉEW YI ÀND AK ÑOOM CI DOXALIN LUDUL NDIGALU KILIFA YI?




**Ci Italie:**

- say toppatoo ngir am làqquwaay mën nañu ko dakkal.

**Ci réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi nga dem te amoo ci ndigal:**

- kilifa yi mën nañu jël dogal ci delloo la ci réew mi nga joge te amoo ci ndigal

Bula kilifa yi yëgalee ni jël nañu dogal ci delloo la, di nga amati yenn sañ-sañ, ci misaal:

- dootoo **jotati xeeti jàppale aki ndimbal yu bari**
- yaw **dootu ñu la may nga ligeey**
- yaw **duñu la may nga teewee njangum làkk wala njang mi ngir sàkku xam-xam yu bees:**

## LAN MOOY XEW BUÑU LA DELLOO WEE CI RÉEW MU BOKK CI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB YI WALA CI RÉEW YU BOKK AK ÑOOM AY DOXALIN BI NGA JOGE CI LUDUL NDIGAL?



Kilifa yi mën na am ñu jël dogal ci nga nekk ci berab sàngam te sa teewaay dina ñu ko saytu saa su nekk. Dinga mëna jogee ci berab boobu ci kaw ay sàrt yu lay tënk.

## MËN NGA FËSAL SA ÑÀKKA NÀNGU AB DOGAL BU TUKKEE CI KILIFA GI



Bu fekkee Prefettura dañu fas yeenee dakkal say sañ-sañ yaw aji bindu ji te nga jàpp ni loolu du yoon, **mën nga bañ dogal bi ci kanamu yoon.**

Mën nga dem ci yoon ci Tribunale Amministratvo Regionale bu fekkee Prefettura  dañu jël dogal ci:

- doo am sañ-sañ ci am dëkkuwaay ak ci yeneen ndimbalu dalal yi
- wàññi wala dakkal ndimbal yi ñu la joxoon
- nàngu wul sa sàkkuteef ci joge ab diir ci ab berab buñu ràññee wala an berab buñu ràññee
- amoo sañ-sañ ci baña toog ci ab berab buñu jagle (ci misaal ci ab berabu dalal buñu jagle) te mën nga genn ci kaw yenn tënk yi
- Wala Police mu téeyé la.

Boo tukkee ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob  ci ay ci ludul ndigalu kilifa yi ba nga ñàkk yenn sañ-sañ yi ci dalal foofu, mën naga topp dogal bi ci kanamu yoon ca réew moomu.

Bu Prefettura bi ci italie jëlee dogal ci wàññi wala dàkkal ndimbalu dalal yi ñu la joxoon ndax ab tolluwaay bu ñu leeral ci xëtu 22 , dinga am yenn sañ-sañ yi. Ci misaal dinga mëna wey di gis ab doktoor wala ab fajkat, jot ay taxawu ci wàllu paj, yenn ndimbal yi ay lekkeu ay yerè ak ab berabu fanaanukaay niki la ko kilifa yi dogalee.

Xeetu ndimbal yi dinañu aju ci sa tolluwaay ak ci say soxla.

Bu fekkee kilifa yu réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin bi nga dem ci ludul ndigal dañoo jël dogal ci dàkkal ndimbalu dalal yi ngay am, xeetu ndimbal yi ngay wey di jot mi ngi aju ci sa tolluwaay ak ci say soxla.

## MËN NGA JOT NDIMBAL CI WÀLLU YOON



Boo bëggee fésal sa ñàkka nàngu dogal bi kilifa yi jël ci dàkkal jot bi ngay jot say yelleef ci kanamu ab àttekat, di nga  jot ay taxawu ci wàllu yoon aki teewal yu amul fay, mi ngi aju ci sa tolluwaay.

Manaam ab xelalkat ci wàllu yoon wala ab awoka dina la dimbali. Xelalkat yi ci wàllu yoon wala awoka dinañu la defal ay taxawu ci wàllu yoon ci kanamu àttekat bi, dinañu la layal ngir sàmm say àqq te kilifa yi ak àttekat yi tënku ñu leen.

Mën nga tamit gis ab xelalkat ci wàllu yoon wala ab awokaa ci sa payooru bopp.




Ligeeykat y ca Centre bi dinañu la yëgal naka ngay bañee ab dogal ci kanamu yoon.

Mën nga saa bu la neexee sàkku ci kilifa yi, mbootay yu ajuwul ci genn nguur wala bànqaas buy saytu mbiri dawlàqqu te aju ci mbootaayu xeet yi (UNHCR) ngir am xibaar yu gëna yaatu, ba ci ag ndimbal ci wàllu taxawu ak teewal ci wàllu yoon ci lu amul fay.

## TOMB YI MA JÀPP

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal dawlàqqu yi (EUAA) moo joxe lu ëpp ci téere bi, réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob rek la EUAA may ñu sotti ko wala soppi ko. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay.
Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025